Pak RT: yo akeh mbak..lek ndisek..pedah, mobil ra teko ngomah saiki teko ngomah kabeh..yo ra ketang mobil tamu ki teko omah kabeh..teko ngglatar. Lek biyen kan..marai mbiyen posisine ngglewatijembatan gantung mbak..tapi lek sakumpama ra enek jembatan gantung jane yo iso teko nggomah kabeh. Mobil nggno kuwi. Marai omahe ngglewati jembatan gantung dadi mik pas sak dalan ledhok mik.an..jembatan gantung iku 25 meter dawane..kuwi jematang gantung..lek coro lokasi..lokasi lawas kuwi yo datar ora koyo saiki munggah-munggah..yo

datar.coro roda 4 mlebu nyampek ngomah-ngomah Cuma kendalane lek lewat jembatan gantung kendalane kuwi thok..lek enek jembtan gedhi yo terus langung neng omah..podo karo saikiiki pomo jembatane gedhi. Lokasine datar kok

- Atik: lek riyen griyane panjenengan dos pudi mbah? Koleh sakniki benten nopo..

Mbah Tujo: yo seje..mbiyen omahe wong tuwek yo denglek elek..

- Atik: bedane dos pundi?

Pak Karyono: bedone to?

Atik: enggeh..

Pak Karyono: yo lek bedane neng kene kan enak..mbiyen nggonaku kan ngglewati jembatan gantung ta..koyo saiki pengen mbangun kan material teko omah, lek mbiyen dadak disurungi ambek cargo ngono iku disurungi ngno iku..jembatan gantung dawane enk setengah meter ra teko lokasi.

Atik: oww... lek griya-griyane dos pundi pak koleh riyen?

Pak Karyono: yo lek omah yo lumayan..yo peningkatan adoh ko saiki..saiki kan entok-entok duwet di gae omah..sing utama wong kan yo omah.

- Atik: tapi lek makmure makmur riyen?

Pak Karyono: iyo..lek makmur soale nopo nggeh..iso mbendino ki awak dewe iso nang alas ki kan wong lek tani neng ngalas kan seneng delok tandurane..wayah panen, panen..meski asile titik cumsk kan iso nyambung gae kehidupan sehari-hari kuwi..saiki wes ra duwe tanah..lek koyo wong sing nggak kenek dampak yo..nggak ekenek.an conto koyo wong lingkungan nduren sebelah..penak kae omahe apik oleh duwet akeh nggak mikir mbendinane nggak nggerti pengeluaranane ki piro-piro nggak nggerti. Memang entok duwet akeh tapi yo wes rugi..rugine wes nggak iso..nggak duwe lahan blas..koyo sing entok akeh kan yo ssek sempat ditukokne lahan, disimpen opo piye..lek sing entok.e pas-pasan ngno kuwi..

- Atik: mriki tetep keser?..terus wonten perbedaan nopo mboten mbah griyo wonten mriki koleh wonten keser..

Mbah Kailan: nggeh wonten..griyane mboten saget nggeten mbiyen..sakniki nggeh ngeten niki..

- Dwi: eco riyen dos pundi mbah: lek ngarani lo..lek mbiyen ki kan coro mangan-mangan ki kan seger..saiki mangan mikir..lek tak pangan saiki duwetku lek ra tak uwet-uwet entek..niko lo mbak..lek kulo..mikir kulo mangane..lek riyen mboten..pertanian enten..

Pak pawu: muk lek saiki anu mbak omahe apik-apik..ra enek sing elek..maleh apik kabeh..mbiyen ra duwe wc, di kruduk.i kebo wc.ne towo nang kali saiki gilp-gilap..memang kuwi kelakon..neng yo kuwi..neng omah nyenuk karo ngitung usuk..duwitku engko teko opo ora..nuntut opo ora..gae aku opo..nyambut gawe opo..engko entek opo ora..gae mangan mburi opo..

Sejarah Pembangunan Waduk

- Atik: riyen niku dos pundi mbah critane kok damle waduk niku awal mulane dos pundi?

Mbah Kailan: awal mulane jaman kawet mbah-mbah riyen bendungan ngglinggis..kadosé niko wonten nginggil riyen wontwng nggandap..wonten krajan ngglinggis..mriku mboten engsal..wonten pandan nggeh mboten angsal terus minggah mriki angsal..

- Atik: pinten tahun pak niku jangkane?

Pak Karyono: wong le arep mbundung ket jamannae aku cilik..cuman wong-wong janji enek proyek-proyek ditolak..sosialisasi rapat-rapat towo klumpuk.an wong podo nolak gagal..engko tahun nggarep enek panggilan eneh kumpulan sosialisasi masalah bendungan kabeh menolak..lek biyen kan kono..pas ngarep mbak nor arah kno sing arep di DAM sing apik kan she kono tanahe. Cumak lek neng kono dampak.e sampek pasar, balai desa kan entek, radius 50 ke bawah 50 kilo meter kan entek omah..iku kan di DAM sampek kulon..cumak jarak.e ko nggonaku kan 500 meter..setengah kilo lah harus pindah..

- Pak paimun: terus anu..ndisek kae akhir-akhire kejaksanaan..opo ke mbayar nyang anu..
Pak budi: kon nang pengadilan..
Pak paw: riyen lek jenengan mboten purun mengke teng pengadilan keputusane..kan ngoten..dikon niku..diden-deni..
- Pak paw: enggeh..lek piyambak.e mpun nggadhuk mpun mboten wanton mbak..mengke teng anu pengadilan sing mutusne..soale niku mpun nggadhuk mpun mboten wanton numbas..mboten kuat..mpun mepet..
- Mbah kalian:cot diparaning neng balai desa kono peng 3..deal.e dadi..asline pemerintah kuwi jarene wes mepet..wes ra iso..omongane kono ki cot kari keputusane nang jaksa..ngono kuwi lo mbak..dadi cot rakyat cot piker-pikir..

Penduduk Terdampak

- Atik:lek ngoten ingka di anu niku nggeh sawah, nggeh griyo nggoten pak? Sing kengeng dampak?
Pak RT:sing kenek dampak yo sing khusus RT 07 yo omah karo sawah mbak. Sawah yo sebagian RT 07 sebagian RT liyo. Tapi sing kabanyakan lek lahan tek.e RT liyo mbak..sak njabane RT 07 mbak..kebanyakan lek lahan..lahan sawah lahan garing iku sing akeh tak.e RT liyane RT 07. Khusus RT 07 sing kenek omahe , lek lahane ora sepiro. Marahi wilayah sing kenek genangan kuwi sing akeh tak.e liyane RT 07, mulai RT 04, 05 sampek RT 06 iku akeh sing neng nduwur genangan. Mriki..coro RT 07 mriki mok ge gedhok mriki RT 07 penak. Padahal ing penak sing RT liyanewong omhe ra kenek lahane kenek kan yo akeh to mbak duwite? Asline gedhok.e RT 07 asline ngoten thok. .
- Pak RT:enggeh..yo asline yo kuwi ngisore bendungan kuwi, kenek bendungan pindah sak RT tapi sing pindah nang liyo RT enek 10 uwong

(atap). Lek 10 KK kan 10 lek 10 uwong kan 10 griyo..KK ikusak omah kan kadang 2,3..

Atik:lek niki sedoyo RT 07 pak?

Pak RT:RT 07 sedoyo jumlahe 28 uwong mbak..

➤ Atik: engkang kenek gusuran niku RT pinten mawon to pak?

Pak Karyono: RT07 karo RT piro yo..pringombo iku RT ne gak apal aku..RT 08 opo piro yo..

Atik: setunggal RT..setunggal RT pinten?

Pak Karyono: lek nggak salah 45 opo piro aku lali..

Atik: KK nopo griyo?

Pak Karyono: griyo..lek nduwur piro yo..sak lingkungan pirang omah..16 omah lek ra salah neng nduwur. Kurang lebih sekitar 18..

➤ Atik: eh..sedoyo RT 07

Bu Suki: sedoyo RT07 niki..

Atik: pinten jumlahe enten mriki niki buk? Pinten griyo?

Bu Suki: anu..piro..28? 28 mbak..

Atik: sedoyo keser?

Bu Suki: enggeh..keser baru

Atik: keser niku engkang tergesur niku pinten buk jumlahe?

Bu Suki: riyen..piro..40 opo 30..

Mas A: 40 lek nggak 50..per KK niku..

Bu Suki: per KK

Mas A: per KKne yo akeh..

➤ Atik: gek mbahe kegusur namung griyane nopo kaleh sabine?

Mbah Tujo: yo wes kabeh..wes omah, yo lemah..

➤ Atik: lek masyarakat mriki jumlahe pinten to pak?

➤ Pak Karyono:masyarakat keser iki 45 ra lek ra salah sing pindah..lek sing pindah neng kene sekitar wong 26 po piro lek ra salah ki..sing pindah mreng ki..liyane kan nang desa mbaluran..neng duwur loro, neng kidol kali kono kae, pucanganak..yo gak adoh gor sebelah-sebelah ngno mbak..

Atik: oww ngoten..tapi nggeh anu..riyen enten keser?

Pak Karyono:mbiyen keser..

Atik: namung daerah keser to pak?

Pak Karyono: keser thok sing pindah..ambek dusun pringombo atas..sing calon pintu masuk..kan enek pinggir jalan iku perumahan baru kono iki..iku gusuran songko kidul dalam pindah lor dalam..

Tujuan Pembangunan Waduk

- Atik:enggeh.. nek nopo niku pak..jirose waduk.e damel PDAM ?

Pak RT: nek rencana nek sak krunguku mbak aku lehku ngerti bndungan iku mulai soko nol..sampek saiki ..bendungan iku siji gae wisata, loro...tapi sek rencana mbak tapi sing jelas wisata, air bersih rencana kuwi..rencana..tapi sing jelas iku kan wisata karo air bersih, irigasi, telu. Irigasi persawahan kuwi, air bersih ambek gae wisata. Kuwi rencanane kan kuwi perencanaan tapi sing positif wisata. Tapi lek sing loro kuwi irigasi ambek air bersih kuwi urung ketok..urung dadi..tapi masio urung dadi lek wisata kuwi wes jelas.

Atik: berarti tujua utamane wisata?

Pak RT: sing jelas wisata..tapi yo sing loro kuwi mboh mbesok le ngelola ki piye urung jelas...intine yo wisata..

- Atik: jirose ajeng dibangun PDAM, PLTA nopo leres?

Pak Karyono: enggeh..nek kabar-kabare nggeh ngoten..sing utama kan lek kene pariwisata..lek soal kuwi gak nggerti aku.

Atik: oww tujuan utamane..mulai awal niku pariwisata?

Pak Karyono: pariwisata..paling mboh pembangkit listrik ngno ki gak nggerti aku. Gae Opo gae opo gak paham..marai wes gak melu proyek kan..hehehe

Proses Pembangunan Waduk

- Atik: enggeh..niki proyek niki mpun mh rampung?

Mbah Kailan: dangu mbak..asdam.e mawon derng di uruk sakniki..core semen niku panggah njebus mawon sumbere..

Atik: napane?

Mbah Kailan: sumbere niku njutu-njutul mawon..

Atik: owww nopo mboten di anu to pak..di tutup ngoten?

Mbah Kailan: di anu..dibor gek diiseni semen-semen..sak leng niku wonten 350 sak nopo..gek jebus maleh mriko..jebus maleh..jebus melh..mbendinten dibor..

- Atik: tasek dangu berarti nggeh..setengah dereng anu pak?

Pak Karyono:dereng entok ki.. suwe mbak iki..nimbun ae durung..urung cukup.

- Atik: tasek dangu to pak niki?

Pak Karyono:yo lek iki ra kenek diprediksi..marai lek kene ki kendalane kan anu mbak..koyo cuaca koyo musim udan kadang prei kadang pirang-pirang wulan prei proyek..rong wulan telog wulan prei marai longsor-longsor tanahe..

- Pak RT:urung, lha iki bendungane urung dadi..lha iki daknu kae wika kan tendere 30 desember ki entek mbak wika iki. 31 desember iki wika ki kontrak.e entek diperpanjang sampek bulan april..bulan iku wes entek akhire tender eneh..mboh ko 2019 opo 2020 le tender eneh. Asline entek.e tanggal 31 desember kuwi entek. Penghambate kuwi mergo lek udan mbak..

Atik: nek udan enten nopo pak?

Pak RT: kan nek udan saiki setengah hari ra mlaku alate..gek dalane..yo kuwi lek masalah bendungan..kendalane lek musim rendeng.

Pertanian Masyarakat Dusun Keser

- Atik: nek warga mriki hasil tanine dos pundi pak asale nyade?

Pak Karyani: lek pari kan wayae panen panen..lek telo kan wayae panen ora..kadang yo gak dijebol..gak dipanenne. Digae rong tahun kan luweh gedhe isne engko pas tahun ngarep payu didol..towo dipathi..lek padi

disimpen..eman nek didol..jarang didol wong kene ki..disimpen...akeh-akeh dipangan...marai lek wog ndeso kan piye yo..lek enek tonggo..kan tiap bulan besar, sapar kan wong ndegawe kan uakeh..lek wong daerah kene,ngono kuwi...pokok gae mangan gae mbecek kan cukup..koyo nggonaku mbiyen sawah iku kan peng telu..iku gae mbecek kan wes turah..eman kan lek didol..engko gawe musim keceklik wong kan ora nduwe panen..disimpen waktu ngonoki kan uwong akeh nganggure..kono kan wong seng nandur jagung kan sek kembang ngono kae.kan paceklik podo karo..nggae mangan yo ngono-ngono kui wes..hasile sing mbiyen gae cadangan lek musim paceklik..

- Pak alim: oalah.. nggeh lek masalah tanaman yo jagung, yo pari..kan ngoten. Gae kehidupan sehari-hari kan..
- Pak alim: awet..kan lek gabah kan disimpan kanggo anu kan...
Dwi: mboten usah tumbah kan wonten...
Pak alim: enggeh..mboten usah tumbas.
Mas A: sing dijual kan iku gabahe..
Pak alim:dijual diambil alih gabahe..lek padi..

Pekerjaan Sampingan

- Atik: Terus nek musim paceklik niku masyarakat mriki kerjo nopo pak?
Pak Karyani: ya kerjo..kerjo lainnya opo sing..kadang lek aku mbiyen ki golek watu neng kali..lek saiki aku neng warung lek saiki..tapi tutup iki sementara..yo..golek kerjaan liyo..buroh buroh opo..wes iku.

Perubahan Perekonomian Masyarakat Dusun Keser

- Atik: enggeh...nek bapak.e piyambak dos pundi pak pindah eneten mriki?
Pak RT: yo lek aku dewe mbak iki terus terang wae lek aku dewe yo lek masalah ekonomi sing jelas nek saiki yo tak ibaratne yo lumayan..lek masalah sing dino-dino iki hari-hari iki y owes cukup lah..masalahe

diarani cukup yo disambi kerjo. Sambi sembarang y owes melu..lek masalah ekonomi cukup mbak..lek coro mbesok di sambu karo mlaku yo ra nggerti mbesok.. lek coro saiki yo cukup. Cukup sak sembarange..yo gae nyekolahne anak. Nggopeni wong tuwek yo cukup mbak..khusus gae pribadiku dewe. lek perbedaane enek mbak,yo sing tahun-tahun ndisek sak durunge enek bendungan perbedaane yo adoh..

Atik: dos pundi pak perbedaane?

Pak RT: yo coro perbedaane khusus pribadi aku dewe coro ekonomi ki lek karo saiki y owes rodok lumayan..

➤ Dwi: eco riyen dos pundi mbah

Mbah Paimun: lek ngarani lo..lek mbiyen ki kan coro mangan-mangan ki kan seger..saiki mangan mikir..lek tak pangan saiki duwetku lek ra tak uwet-uwet entek..niko lo mbak..lek kulo..mikir kulo mangane..lek riyen mboten..pertanian enten..

➤ Atik: malah rugi sakniki?

Pak Karyono: yo malah rugi..memang entok duwet cuman duwet kanggone saiki yo..koyo duwet sejuta saiki ra onok ajine. Ditukokne opo wes ilang..lek bentuk ngono kuwi koyo bentuk klopoo bentuk sawah kan yo ngono iku..kedepane iku wong iso.. kenek di g arap..lek wong kehidupane saiki kan wong mbecek-mbecek iku mbak yo..koyo wong ndegawe..iku mbiyen kan bers nek.e dew ewes cukup saiki opo..tuku. gae mangan lo tuku saiki..makane lek duwet entek piye awak.e dewe lek ra iso nggelola ra iso nggunakne. Wong kan kadong nyekel duwet wes ditukokne ra mikir masa depan mbesok..sebulan jangka sebulan, setahun dua tahun kan wes nggak mikir. Koyo aku ngene iki..aku yo mumet..

➤ Pak Karyono: ngekos sedoyo..lek mbiyen kan sakdurunge pindah kan yo ngeose nek omah kono podok.an. sopir-sopir..opo sopo ngono.koyo mbak nor ngono ki yo penak..duwe lahan iso gelem gae kos-kosan yo lumayanlah..sebelahhe iku kan asbesan kuwi.. kan di kosi dikontrak..

Perubahan Lingkungan Dusun Keser

- Atik: perbedaane kathah lek ngoten pak warga mriki?
Pak RT:yo akeh mbakperbedaane..mbiyen enek sing omahe gedhek saiki wes tembok kabeh kok..heheheyo okeh perbedaane. Enek sing duwe mobil barang saiki. Coro perbedaane sing jelas akeh mbak perbedaane. Yo coro omah-omah mergo opo.. y owes tak omongne ku maeng..entek sak sembarange di dol kabeh gae mbangun..sing jelas apik to gae mbangun..oleh duwet akeh bar yo mboh mburine..
- Atik: wonten bentene mbah..nopo niku..griyo enten mriki kaleh griyo enten mriko?
Mbah wairah: nggeh kathah bentene..hehehe
Atik: dos pundi mbah..lek enten mriko dos pundi?
Mbah wairah: mriko nggeh griyo piyambak..biasa nggeh ngoten..mboten nggeten griyane..biasa nggoten..nggeh ageng biasa niko..
- Atik: lek riyen griyane panjenengan dos pudi mbah? Kaleh sakniki benten nopo..
Mbah Tujo: yo seje..mbiyen omahe wong tuwek yo denglek elek..
Atik: lek sakniki?
Mbah Tujo: sakiki yo umum bature..
- Atik: oww... lek griya-griyane dos pundi pak kaleh riyen?
Pak Karyono: yo lek omah yo lumayan..yo peningkatan adoh ko saiki..saiki kan entok-entok duwet di gae omah..sing utama wong kan yo omah.
- Atik: oww..gek panjenengan..griyo mriki kaleh griyo mriko wonte perbedaane buk?
Bu Suki: nggeh wonten..hehehe
Atik: bedane dos pundi buk?
Bu Suki:nggeh..hehehe riyen anu.. saikniki nggeh radi anu ngoten..bedo.
- Atik: mriki tetep keser?..terus wonten perbedaan nopo mboten mbah griyo wonten mriki kaleh wonten keser..

Mbah Kailan: nggeh wonten..griyane mboten saget nggeten mbiyen..sakniki nggeh ngeten niki..

- Pak paw: muk lek saiki anu mbak omahe apik-apik..ra enek sing elek..maleh apik kabeh..mbiyen ra duwe wc, di kruduk.i kebo wc.ne towo nang kali saiki gilp-gilap..memang kuwi kelakon..neng yo kuwi..neng omah nyenuk karo ngitung usuk..duwitku engko teko opo ora..nuntut opo ora..gae aku opo..nyambut gawe opo..engko entek opo ora..gae mangan mburi opo..

- Atik: lek riyen dos pundi bangunane?

Mbah Tujo: lek mbiyen bangunan lawas..rata-rata yo gor biasa tembok..ora kok apik-apik mening-mening ngene.

Atik: oww ngoten..sakniki benten tebih nggeh mbah? Mpun sae-sae sakniki..

Lahan Perumahan Baru

- Pak RT: asline kene mbiyen persawahan gek terus..RT 07 kan kenekan dampak iku akhire kene di dadekne pemukiman..mbiyen omah iki asline sawah..sawah iki tuku mbiyen..tuku tek.e wong pucanganak sebagian ,tek.e wong RT 05. Wes uduk tek.e pribadi tek.e warga liyo..sebagian tek.e dewe sing iki (menunjuk k eatas) sing nduwur iki sebagian tek.e pribadi, tapi lek sing etan dalan kuwi tek.e warga pucang anak tuku. Lek sing kene iki tek.e warga pandan kono sebagian...sing sak blok nggonaku iki. Lek sak blok duwur iku sampek sing pinggir jalan tek.e warga pribadi.

- Mbah wairah: enggeh..enggeh..

Atik: riyen griyane..

Mbah wairah: riyen nggeh saben mriki niki..

- Atik: riyen niki nopo mbah?

Mbah Kailan: nopo?

Atik: niki..riyen niki?

Mbah Kailan: saben..sabine tiyang pucag anak..ditumbas tiyang 15 niki..sak enggen gadahane tiyang setunggal..

Atik: owww gadahane tiyang setunggal?

Mbah Kailan: enggeh tumbas 630 riyen..lek kulo bagian 9 kali 22 meter niki.

- Atik: niku sedoyo nggeh saben ingkang nginggil niku..

Mbah Kailan: lek engkang nginggil niku mboten..sabine nggeh namung niku, lek nginggil kulo niku saben..niku sabine tiyang pucanganak..nggeh saben rumiyin..

- Atik: oww timbunan..riyen nopo to pak niki?

Pak Karyono: sawah..yo koyo sawah daerah iki lo..ketok ko mushola..modele yo koyo iku mbak..terasering-terasering ngene lo..lha..terasering-terasering nggene iki..wes pokok.e daerah koyo duwur iki. Di kerok disakne medun-medun di trap..

- Atik: emmm riyen nopo mbah niku?

Mbah Kailan: niku..nggeh dibam-bomi ngoten mbak..

Atik: riyen niku wono?

Mbah Kailan: enggeh..wono gadahe wong pindah-pindah niku..di tumbas gek didamel uruk nggandap..

- Pak Karyono: sing ditukuki ketok truk-truk mlaku kae arah sing rono kuwi lahane masyarakat kabeh sampek ketok duwur bates enek watu diledakne kuwi..

Atik: terus kok truk.e medal mriko niko mendeti nopo to pak?

Pak Karyono: mendeti tanah..ngge nimbun yo watu mbak..

Atik: oalah..ngeluk saking gununge niko?

Pak Karyono: gununge kae kan diledakne terus..tiap hari mbiyen mehan..tiga kali sehari diledakne..lek nggledakne tapi neng ujung..neng ujung sungai kuloon...kan iki DAM mbak, iki arah mreng sekitar 2 kilo kan kaline neng protelon ngene simpangan ngene..neng daerah kene diledakne gae timbunan iku gae nimbun..

Pergeseran Pekerjaan

- Atik: sak niki tiyange kerjane nopo pak? Nggeh enten proyek niki?
Pak RT: sebagian neng proyek..sebagian sing lahane isek yo nggarap lahane sing isek-siek kuwi mbak. Kan di ambil alih..yo sing danane isek iku salok gae tuku sawah.. salok lahan dewene sek isek yo di garap. Sebagian yo enek sing kerjo neng proyek kene. Sebagian yo kerjo neng anjungan duwur kuwi. Iki kan rong lokasi mbak niki kan sing duwur niku proyek anjungan. Loro..rong lokasi.
Atik: damel nopo pak anjungan niku.
Pak RT: anjungan kuwi rencanane y owes ngge ruko-ruko kuwi. ATM..rame nduwur kuwi mbak sing RT 08 pinggir jalan. Kuwi malah luweh rame.
- Atik: oww.nten proyek niku to?
Mbah Tujo: iyo melu proyek kuwi..sing wong enom-enom kuwi..sebagian.salok yo ra melu.
- Atik: lha bapak.e mboten anu pak..mboten kerjo wonten proyek mriku?
Pak Karyono: mbiyen aku melu mbak..melu neng kono meh wolong wulan melok survey ngno iku..
- Atik: ehh riyen tumut sakniki mboten..katah tiyang mriki engkang tumut proyek?
Pak Karyono: nggeh katah cah nom-nom iku kerjo neng kno eneng si safety, yo nek sing nguli enek sing sopir, satpam opo kerja ringan paling lek sing berat-berat kan lek ngono ki gawane pengesub. Koyok operator bego, supir truk DAM. Yo enek masyarakat kene melu nyopir-nyopir ngono iku. Cumak nggak mayoritas wong kene. Gawane pengesub biyasane..
- Atik: enggeh..tapi katah masyarakat mriki engkang kerjo wonten proyek?
Bu Suki: mboten..mboten tek katah..tiyang tebeh-tebeh niku mik.an..
- Atik: emmm terus tiyang mriki kerjane nopo lek mboten gadah siti?

Mbah Kailan: salok neng proyek salok neng..proyek bendungan neng proyek sing nginggil mriko lo..

- Atik: nek tiyang ingkang kerjo wonten proyek niku saking pemerintahe ingkang nyuwun nopo tiyange piyambak engkang anu..niku pak?

Pak RT: lek awale ora soko pemerintah mbak, pemeritahkan..kuwi lek masalah kerjo neng PT ora enek sangkutane karo pemerintah. Awale kuwi PT golek tenaga kerja, awale kuwi..PT golek tenaga kerja akhire yo wong..tapi ndi sing gelem mbak..yo coro ra gelem yo ra dipekso..awale yo kuwi PT.ne golek tenaga kerja bahkan jek awal-awal kan tenaga kerja kan kekurangan..gek golek-golek liyane..sebagian yo gelem sebagian ora. Yo kene ki ora akeh mbak sing kerjo neng PT. paling warga nggonaku sing neng PT neng bendungan kuwi paleng sekitar wong 7 lek ra wong 8. Cah enom-enom kuwi melok survey..

Atik: nek lintune enten sawah?

Pak RT: yo sebagian enek sing neng anjungan duwur proyek anyar kuwi..sing rodok enom-enom kuwi..coro wong tuwek-tuwek yon eng omah karo sing duwe lahan yo nggarap lahane..sing ra duwe yon eng omah..

- Pak Karyono: koyo tanah aku wes gak duwe tanah wes gak mikir ngno kuwi..sing penting opo saiki tujuanku..aku iso nyambut gawe..iso duwe kerjaan..lha ngene iki arep usaha po yo gak nduwe. Yo lek bojoku duwe warung kecil-kecilan selama proyek niki..

- Atik: nek teng proyek niku mboten saget lek bikak teng proyek?

Bu Suki: wonten niku..wonten sing anu niku..tiyang tigo. Warung niku kilen..niku tigo warunge..

Atik: mriku?

Bu Suki: enggeh...

Atik: owww..nggeh tiyang mriki?

Bu Suki: enggeh..masakne proyek-proyek..mpun jatah kok niku..toyang tigo..mpun anu kerjane sing mriku nggeh mriku mawon..mboten pindah-pindah singmaem mriku..

Atik: oalah ngoten..

Bu Suki: mpun tiyang tigo niku sing masakne.

- Atik: berarti enten mriki nek tiyang setri namung enten nggriyo nggeh?

Mbah Kailan: enggeh..mboten wonten engkang..yo salok warung wonten wates mriku..sandinge ponorogo..

Atik: oww wonten mriku..

Proses Pembelian Lahan

- Atik:nek ganti rugine pemerintah dos pundi pak?

Pak RT:lek masalah ganti rugi apik mbah..apik.e op..engko coro per metere iki lek masalah pemerintah kan di arani pisan, per meter sak mene lek sawah..lek tanah garing yo..dadine yo bedho mbak..lek tanah..upomo tanah garing regane sak mene

Atik:oalah ngoten...berarti tiap tiyang niku benten-benten?

Pak RT:bedo..lek coro omah..omah iku yo kelas-kelaan mbak, lek omah lepane iku tembok.e jobo njero yo regane yo seje..pokok.e pemerintah iku coro nuku kuwi diarani pisan mbak. Tanah pemukiman kuwi lek tanah pemukiman roto-roto podo mbak per metere, walaupun tanah garing ki puodo, sawah yo podo per metere. Lek tanah pemukiman, walaupun tanah nggone neng perengan nggone neng dataran podo. Pemerintah ndak bedo-bedo mbak nuku, podo..walaupun tanah garing, anah garing iku isine watu thok karo tanahe sing loh yo wes podho le nuku, cuman perbedaane nek tanduran. Nek kayu-kayu iku duwe ..

Atik:lek enten tandurane nggeh luweh?

Pak RT dan pak a:luweh duwur..

Pak RT: upomo engko tanah iku per metere karo sing A karo sing B iku ra podo ombone regane podo regane soko tanduran..dadi ra kenek ge mereni istilahe mbak. engko lek umpomo tanah iku enek gubuke engko yo seje neh..enek regane dewe-dewe mbak lek masalah niku.

Atik:nek griyane nggeh benten?

Pak RT:yo kacek mbak..pemukiman karo sawah..engko sawah karo pemukiman sek duwur pemukiman lek masalah rego..

Atik: niku numbase nopo griyo piyambak?

Pak RT: iyo diarani..penak.e lemahe si A diarani metere 10 kali 20 pe metere sak mene di blebet..mengko omahe wes dewe neh..bangunan sekian tanah sekian. Engko lek nggarepe enek kambile di ijer sakmene..gedhang iku lek sak dapur isine 10 nggitunge yo mok siji itunge..yo di itung dewe-dewe..kandang, sak pekarange iku isine opo..kambil kandang pitek, kandang wedus, kandang sapi, kandang menthok jedhing diarani dewe-dewe mbak. Yo wes piro regane diarani dewe-dewe.akhire kuwi di global dadi siji bangunan, tanah iku regane sakmene.

Dwi: oww ngoten..

Mbah kalian:cot diparaning neng balai desa kono peng 3..deal.e dadi..asline pemerintah kuwi jarene wes mepet..wes ra iso..omongane kono ki cot kari keputusane nang jaksa..ngono kuwi lo mbak..dadi cot rakyat cot piker-pikir..musyawarah kao konco-konco..cot dingehne deal, deal bareng ora pencil pencil ngono..lek sing jaman disek..jaman sek kenek lemahe thok omahe ra kenek blok pandan, pacar..kuwi ora bareng deal.e pacak ajak.e wes pantes yo deal..uwong ki sing mundak akeh sing deal disek geton..marai ora omongan karo koncone. Lek sak RT kene iso bareng..urong oleh yo urong oleh kabeh..

Dwi: dados sareng sedoyo nggeh?

Mbah kalian: iyo..sak RT ki bareng..engko seumpomo neng balai desa eneg piye..piye..ngono yo takok takok. Cot sing ketua..tuwek-tuwek ane corone wes pantes wes piye semono kuwi lek sampeyan wes deal yo deal kabeh..peng 6 opo 7 kae deal.e..

➤ Tina: kompak ngoten?

Pak alim: kompak..tapi lek mboten pro sampeyan ngehne sakniki nggeh..bulan niki kok nggehne gek sing lintune dereng sak wulan

engkas..jenengan yo sareng niku lo sing riyen niku medale yotrone..ngoten lo..mulakno lek kopak. Lek mboten ngertos nggeh muelok ngoten..mboteno..ser kulo dingehne 150 kok ngehne niku kan dereng..angor mendel mawon..sokor ra dingehne..engko kono mundak y owes melok mundak.. tapi ngehne riyen niku prosese sareng sing kentun.. Dwi: oww prosese sareng?

Pak alim: bareng prosese..medale sareng sing riyen..ngoten niku..nggehne disek rugi mbak..rugine nggeh niku..medale yotro nggeh sareng..lek mroses niku lek tiyang siji loro mboten purun..nggeh sareng..tapi yo kompak..tiyang niku sing rodok adoh divedek.i ayo di pro..tlaten mbak..ngomongo ojo kok nggehne sek..kan yo bareng-bareng..kan nggoten lek tiyang mriki.

Tina: pokok.e kompak nggeh?

Pak alim: nggeh kompak..akhire dingehne riyen niku rugi..let seminggu del mundak..

Negosiasi Lahan

➤ Dwi: terus nek proses negosiasi lahan niku kados pundi pak riyen?

Pak tunggak: lek negosiasi lahan iku..marahi ndisek kuwi anu mbak lek nego kuwi ra mungkin..sing jelas pertama rodok suwi mbak negone.masalahe dok suwi ki sing tahap pertama..kedua..ketiga...sing kedua ketiga kuwi suwi..kae ndisek nego 9 bulan terus nego 14 kali..

Dwi: niku selama 19 bulan?

Pak tunggak: 19 bulan...mulai nego sampai deal.e 9 bulan..terus dile peng 16. Masalahe permintaane warga mulai awal iku nego tanah ki kan 130 per meter..tapi nggenyange pemerintah kuwi nggenyang pertama 70 per meter..padahal permintaane 130 kuwi sing tanah garing mbak..marai reno 3..tanah tadah ancar, tanah irigasi, tanah lahan kering. Tanah adah ancar kuwi tanah musim hujan..sawah..lek tanah irigasi enek salurane..setahun peng 3.. lek tanah kering yo setahun pisan kuwi tanah garing kuwi..dadi kan ra podo regane. Lek tanah sing kidol kali..sing tak omongne mulai nol

130 kuwi akhire deal.e yo 129, 130 sebagian mbak..padahal mulai nol njaluk.e 130..tapi terus sak bare iku..cepat mbak..nego pindo peng telu deal..maslahe harga kuwi wes..warga ki ws nyadari harga ki wes layak..dai cukuppindo peng telu deal..omah mbak..omahe warga kuwi cepet..peng pindo y owes deal..dadi awal-awale nego ki rodok susah..marahi kuwi..nggenyange sak mon kuwi..tapi sak bar-bare wes penak..pindo peng telu cepet..masalahe rego wes layak karo..keinginane warga ki permetere wes karo pemerintah wes cocok..masio pomahan yo lek masalah omah kelas-kelasan mbak..masalahe kelas-kelasan ki omah lawas..bangunan lawas banguna anyar..engko kuwi lepane tembok.e jobo njero wes enek regane dee-dewe. Dadi pemerintah ki wes jeli mbak..engko nek neng pekarangane enek kandang wedhus di hargai dewe..sumur dihargai dewe. Lek nk pekarangan koyo gedhang dihargai dhewe..buah-buahan dijenengi dewe-dewe..marai..di arani dewe-dewe akhire di global dadakne siji hargane sak mene..dadi dijenengi dewe-dewe..

Dwi: dados tiap tiyang niku benten?

Pak tunggak: heeh...

Dwi: terus nek damel nginggahne harga niku masyarakat nggeh ngoten niku pak..negosiasi niku wau?

Pak tunggak: heeh..hargane kuabeh..

Dwi: nek deremg deal di anu maleh?

Pak tunggak: ditunda mbak..mengke kimennng tanggal semene..engko dingei undangan eneh tanggal semene..oleh undangan eneh nego meneh..

Dwi: tiap negosiasi niku nopo benten pak tiap warga?

Pak tunggak: nek warga iku nu mbak..nek warga dewe nek masalh tanahe mbak..warga ki nyadari bangunan anyar bangunan lawas ki lek warga nyadari mbak..sing khusus sing tanahe kuwi regane podo kabeh mbak permetere..nek warga njaluk.e rego tanah puodo..neng lek masalah bangunan ndak podo ndak masalah..marai soal banguna warga wes nyadari..dadi sing banguna anyar bangunan lawas iso mbedakne..

Dwi:dados lek bangunane sae reginae nggeh sae?

Pak tunggak: regane yo apik..

Dwi: dados strategine ngoten?

Pak tunggak: strategine ngono karo pemerintah..marai warga yo nyadari..ora terlalu..karo pemerintah ora terlalu mbangkang istilahe ngono..podo nyadari..antara jogan kramik, jogan plester lemah batan wes dewe-dewe..

Dwi: dados regine sedoyo sami?

Pak tunggak: yo sing bedo kuwi mbak..wes tak omongne mau..tanah adah ancar, taah irigasi..lek tanah adah ancar regane per metere ..lek sing tanah garing 140..sing tahap keempat lek ra kelima iku 140. Lek tanah sawah yo ora podo..enek sing 160..170..ndak podo..antarane iku mau..tanah adah ancar, tanah irigasi tanah garing..

Dwi: niku diesuaikan kaleh hasil pertaniane to?

Pak tunggak: nha..disesuekne karo hasil pertanian..nek tanah tadah ancar, tanah irigasi kan setahun peng 3 lek pemerintah kan kuwi..lha lek sawah tadah ancara setahun paling pol pindo kuwi nuntut opo ora kuwi.. dadi pemerintah iso pilih-pilih..lek setahun peng 3 kan asile kan gedhi..dadi rego kuwi rodok duwur..

➤ Dwi: negosiasi lahane dos pundi pak?

Pak alim: negone yo lambat rumiyin niku.negone y owes tawar menawar riyen niku...kulo 9 wulan negone..ko daerah kan ditahap tawar menawar songko uendek kan mbak..dadi masyarakat kan pro nekakne harga ngoten niku..lek masyarakat kan kudu teko harga sekian kan ngoten..penjalukane kana wale kan 140,30..nego pertama. Akhire pemerintah kan ndak wani ae..teko 9 wulan..akhire yo teko 140, 130mbak..upomo langsung diarepi yo wes..saiki rodok lumayan proyek..

Dwi: deal.e niku tawar menawar mpun peng pinten?

Pak alim: wes ndak karuan..wes peng 19 lek.e..9 wulan to mbak..9 wulan teng tugu..teng tugu kan kesel mbak njalok teng bali deso..

Dwi: napane niku?

Pak alim: negone..kono kan kecamatan..pertama awale..neng kono kan panggah ndak berhasil..kene kan lakune kan jauh..njalok sing cedek neng balai deso nglinggis..maysrakat kan nyuwune teng balai deso..hampir 9 wulan deal.e niku..lha nyang-nyangan pertama kan 60..1 m² sampai 140, 130 per meter. Akhire payu rumah kene diambil alih..lek tiyang tani mbak..ayeme koyo ra dilem lek duwe lahan..sak estu..penting lek tiyang tani..mayoritas lek tiyang tani lek ora duwe lahan bingung..butuh sehari-hari wes..

- Dwi: lek riyen naikne harga niku kados pundi pak masyarakat mriki.. Naikne harga lahan engkang ditumbas pemerintah damel proyek niki? Pak alim: emm..naikne nggeh ditahan niku..sing dereng angsal nggeh dereng..tahap-tahap, tapi terus pengadilan iku arep didendeni tapi tiyang mriki kan tenang..lek urong dingehne kan dititipne pengadilan..tapi tiyang mriki lek mboten gadah data kan tenang..kan mriko mboten saget dituntut pengadilan..

Dwi: dados damel naikne harga niku ditahan niku?

Pak alim: ditahan..lek pemerintah iku kan ngeden-ngedeni..lek ora kok ngehne iki kan duwet iki dititipne neng pengadilan tapi tiyang mriki kan tenang..masalaha tenange kan yo pengadilan iku tiyang masyarakat mboten gadah data kan pengadilan mboten saget..kan ngoten..dadine ki ditahan sedanten saget teko minggah ngoten le naikne..

Dwi: sedoyo regine sami pak?

Pak alim:yo kacek kedik salok..kayune akeh kan yo lebih duwur..kacek.e neng kono mbak..kayu kan..pomo alas tanah sekian, tanaman sekian kan ngono..kan didata kayune per batang..diitung mbak pirang batang nek alas..lek tanah kosong kan muk tanah tok mbak..mboten wonten tanamane nggeh namung tanah.tapi masyarakat yo..nggeh niku lek ingkatne nggeh tahan mbak..pokok.e pro..

- Tina: tawar menaware niku dos pundi?

Pak paw: penak mbak..mbiyen tawar menawar saiki nggak iso mbak..lek sing saiki mbak yo..sing akhir-akhir iki malah ndak tawar-tawaran..

Dwi: lek riyen dos pundi?

Pak paw: ndisek sampek eneg peng 6 peng 5.. riyen jaman kulo riyen misale dinego hargane sampeyan sekian..5 jut misale mbak yo..ditambahi 12 juta, nyang 15 juta sampek 20 nggadhuk sudah..hehehe

Dwi: oww ngoten..

Pak paimun: terus anu..ndisek kae akhir-akhire kejaksanaan..opo ke mbayar nyang anu..

Pak budi: kon nang pengadilan..

Pak paw: riyen lek jenengan mboten purun mengke teng pengadilan keputusane..kan ngoten..dikon niku..diden-deni..

Dwi: ow..enggeh..dados proses negosiasine niku lek dereng deal ditahan riyen?

Pak pwi: enggeh ..dereng..mengke musyawarah kalah keluarga enten griyo..lek sampun niku mengke terus di kekno..

Dwi: dados lek ajeng naikne harga nggeh ngoten niku?

Pak paw: enggeh..lek piyambak.e mpun nggadhuk mpun mboten wanton mbak..mengke teng anu pengadilan sing mutusne..soale niku mpun nggadhuk mpun mboten wanton numbas..mboten kuat..mpun mepet..

Dwi: awale niku asale numbas hargane nopo mboten sesauai pak?

Pak paw: yo karepe ki sing adol njalok duwur mbak..misale omah, sawah, yo tegal kabeh ki njalok rego duwur..lek rata-rata mbiyen ke regane piro to kae..enek 130, enek sing 170..yo wes podo ae sawah omah..hehehe

➤ Atik: benten-benten to pak regine?

Pak Karyono: lek koyo tanah podo..banding tanah pekarangan nggene iki sakmene iki dijual yo ..tanahe nggene iki podo, cumak koyok harga bangunan rumahe mbiyen semene lek ketok.e apik yo nukune rodok duwur. Koyo tanah entok.e sing akeh kan lahane sing ombo... ombo akeh, kacek.e kan tanahe ombo..lek sing entok atos-atos kan ciut.. nukune kan per meter, banding tanahe se hektar kali 150 wes piro lek tanah mok setengah hektar entok.e yo kuwi setengah hektar kali 150.

Atik: ngitunge per meter nggoten?

Pak Karyono: per meter iyo..cumak tahap-tahapan..tahap awal kan per meter koyo tanah sing daerah nggonaku gor muarh 130, 135, 132 kn nggak mesti. Lek sing keru enek 175 nggk mesti soyo mburi soyo duwur iki. Iki rong tek suwi iki 178 lek nggak salah per meter..

Atik: owww regine alas kaleh saben nggeh benten?

Pak Karyono: benten niki..duwura alas..duwuran alas iki mbak..

Atik: lek kaleh griyo sami nopo benten?

Pak Karyono: omah ki delok anu mbak.. tembok.e wes dicat opo urung wes dialus lek mek tembok-tembok biasa yo..yo payu lek diitungne ki..delok omahe modele omahe. Lek omah boto thok nukune kan wes ngene iki arah-arah kan yo lek omah gak patek paham mbiyen butuhe semene dinyang semen kan..kan nego to mbak. Ora cukup pisan..alas nggonaku ki peng 12 aku mbiyen nang kecamatan ki..dinyang semene gak entok engko minggu ngarep eneh panggilan eneh..nego eneh gak cocok regane muleh. Panggilan miggu ngarep eneh ngono teus.

Atik: emmm dangu lek ngoten?

Pak Karyono: dangu..lek sing iki ra salah ki gor pisan.. daerah kono ki mbak negone..soale lek negone sepisan ki opo..hargane wes wes cocok wong-wong ki gak maksud.e gak rendah..wes sesuai karo keinginan lek kene urong sesuai keinginan maksudku ditukokne kan podo lahane jelas rugi adoh mbiyen..mulai kan songko kecil harga per metere miyen, pertama lahan alas mbiyen per meter naware mbiyen per meter ra salah gor 75 ra salah per meter..sampek seratus..sing group nggonaku mbiyn 135 per meter.

Pembagian Lahan Perumahan

➤ Atik: kaleh penjenengan niki?

Pak Karyono: nggeh termasuk kulo..dibagi ukuran 9 meter kali 1. Kan 9 meter per omah ombone..lek ombone nang mburi 19.

Atik: terus niku pembagiane dos pundi pak?

Pak Karyono: per meter..

Atik: mendete niku maksud.e..kulo enten mriki..kulo enten mriki ngoten...

Pak Karyono: lotere..

Atik: lotere..oww..

Pak Karyono: kan disek di petak.i mbak..a,b,c,d,e,f,g sampek opo iki..15 nggon iki tempate ki.. A ki di ukur pirang meter..ditulisi duwite semen pisan. B semene meter duwite pisan terus dilotere sopo sing mbagi iku. Iku wes karek mbayar.

Atik: ooww nggoten..dados mboten ingkang..nopo niku?

Pak Karyono: komplèn?

Atik: enggeh komplèn...

Pak Karyono: mboten wonten..kan sakdurunge kan didata disek..wong sing melu lotre kan wong 15, pertama di lotre..ki sek sakdurunge dilotere pembagian..koyo lek sing depan iku pembagian iki lek sing mburi pembagian iki..kan sok pamane awakmu mbagi iki setuju opo ora...dadi clear kabeh..deal kabeh..seandainya mbagi iki yo harus ra usah protes. Onok ra onok y owes iku duwite engko mlesenge bagiane kuwi wes dijlasne pisan..dadi wes lotrene mbagi A opo B wes kari mbayar..

➤ Atik: riyen nek pados tempat nopo mboten wonten ingkang berebut ngoten?

Pak RT: ora..masyarakate lek golek lokasi piyambak..lek masyarakat kuwi golek lokasi sing sebelah sing tak omongne tek.e warga pucanganak sing sebelah kulon dalam ko kene..omah mlumpuk 15 omah iku di lotre mbak..kan dadai telung trap penak.e telung tran kan mbak..trap sijikan omah loro sor kuwi, dadi di bagi mbak..masalah rego kuwi podo..wong sing omah duwu r kan ra podo..marai ukurane ra podo.. tapi kan iku dilotre, endi sing bejo oleh sing ombo..enek sing ciut iku regane dewe-dewe..ngono di lotre..

Atik:saking pundi pak?

Pak RT: sing lotre yo sing arep ngenggoni..di lotre mbak masalah pembagian lahan..sing lotre yo pihak sing arep manggoni iku. Dadine

mben iku enek bagian ciut, bagian ombo sing nyepakati warga sing 15 iku..dadi wes dadi lahan kari nduduk..

- Atik: enggeh..nek anu mbah..jiroe riyen tumbase tanah wonten mriki di lotre nggoten?

Mbah Tujo: iki di lotre iki..kuabeh iki..

Atik: mboten wonten konflik ngoten?

Mbah Tujo: ndak..dilotre..

- Atik: pembagiane tanah niki..no anu..perorangan niku dos pundi buk piyambak nopo di lotere?

Bu Suki: wonten nginggil niku sing di lotere..lek niki kan sak bagian asale tumbas..

Atik: lek nginggil mriku dilotere?

Bu Suki: enggeh..

Atik: teng nopo kok dilotere buk?

Mas A: meri mbak lek ra dilotere..

Bu Suki: mengke anu mbak lek ra dilotere meri..

Atik: owww..

Bu Suki: lek dilotere kan mboten meri..mpun..hehehe

Atik: tumbase nopo mboten anu to buk mboten piyambak-piyambak kok di lotere?

Bu Suki: mboten lek nginggil niku..kan sak piro kuwi ke..pirang ewu..di nggeni tiyang 16. 16 po 15..sing genggoni iki..tengah.

Atik: sing madosne sinten?

Bu Suki: nggeh piyambak..

Atik: tapi dilotere ngoten?

Bu Suki: enggeh..kan gadahane tiyang setunggal ngoten..

Atik: engkang nginggil niku?

Bu Suki: enggeh..nginggil niku..sing bagian tengah niki lo..

Atik: eggeh..

Bu Suki: lek sing nginggil gadahane piyambak..lek nginggil..

Atik: oww ngoten..berarti mboten wonten engkang konflik lek ngoten tentang pembagian griyo niki?

Bu Suki: Mboten wong mpun anu..lotere.

Makna Lahan Pertanian

➤ Dwi: nek tanah pertanian kados pundi pak?

Pak tunggak: lek tanah pertanian anu mbak..lek sing omah sing ndisek tanah pertanian kuwi yo ombo-ombo..warga kuwi saiki kenek gusuran ngene iki sebagian yo okeh sing ra nduwe tanah. Yo sebagian lek daerah keser kene ki akeh sing urong duwe mbak karo sing nduwe.

Dwi: lek riyen persawahane niku nggeh damel nopo niku..mencukupi kehidupan sehari-hari?

Pak tunggak: yo untuk sehari-hari..lek tanah lek sawah 1 tahun peng 3 mbak..1 tahun peng 3..

Tina: panen 3 kali?

Pak tunggak: panen 3 kali..setahun 3 kali..

Dwi: dados riyen maysrakat niku kehidupane saking pertanian?

Pak tunggak: yo ko pertanian..poko y owes cukup gae nyekolahne anak, ngge..lek umume ndeso kan ngge mbecek.wes lumayan mbak wes cukup. Lek ndisek.lek saiki yo di tukokne eneh..masalahe wong adol sawah le adol sak nduwure..coro rego-rego kuwi.

Dwi: nek makna bertani kagem panjenengan dos pundi pak?

Pak tunggak: lek khususse pribadi mbak yo..lek ndisek awale wong tani saiki yo kenek ngene iki tak balekne sawah meneh mbak..tapi lek masalah penghasilan lek tanahku sing ndisek kan setahun pisan..lek saiki setahun peng 3. Panenane..masalahe cedek pinggir sungai kuwi..setahun peng 3..yo cora penghasilan lek masalah neng pertanian lek khususse pribadiku angor saiki mbak timbang ndisek.

Tina: lek riyen mata pencaharian kan pertanian nggeh pak..lek sakniki nopo pak mayoritas?

Pak tunggak: lek mayoritas kene ki sebagian yo sing lahane enek yo sing golek tukon-tukon yo tani, sebagian yo buruh..

Dwi: dados pertanian niku kados matapentaharian utama?

Pak tunggak: iyo..kebutuhan keluarga mbak..penghasilane ki..

Dwi: sampek sakniki?

Pak tunggak: sampek saiki..saiki y owes minimal yo lek wong tani iku penghasilane paling suwi minimal 4 bulan mulai nanem..sampai panen minimal 4 bulan ki wes kenek dirupakne. Uang lek 4 bulan kuwi..lek sakniki lek umur jagung sekali nanam kan minimal 105 hari..minimal 4 bulan wes berupa uang..lek sakniki..

Dwi: lek riyen?

Pak tunggak: lek ndisek sing neng alas kuwi mik pisan mbak panene..kecualai lek sawah setahun peng 3 marahi tanah irigasi..

Dwi:lek wono niku kdos pundi pak..nopo tandurane?

Pak tunggak: tadurane lek alas iku sing akeh yo telo mbi jagung mbak..telo mbi jagung..

Dwi: niku nggeh disade?

Pak tunggak: yo di dol.. lek telo di rupakne gae pathi mbak..

➤ Dwi: nek makna bertani kagem panjenengan dos pundi pak?

Pak alim: yo wong tani wes yo..lumayan kehidupane sehari-hari yo nyukupi..yo tani niku nopo lek wes panen tiyang tani kehidupane saking pertanian lah. Nuking yo gae selingane..

Dwi: panjenengan tukang?

Pak alim: enggeh..tukang kayu..niki yo anak kulo tukang kayu. Nggeh damel kusen-ksen..

Dwi: usahane niku mpun kawit riyen?

Pak alim: mpun riyen..mpun kawet kidul dereng pindah mriki..

Dwi: dados nek tani niku nggeh penting nggeh pak kagem masyarakat mriki?

Pak alim: nggeh penting mbak tani iku..mayoritas tani..lek mboten gadah ladang repot.

Dwi: repote kados pundi?

Pak alim: repote mboten..tiyang tani kan nganggur..pengangguran lek mboten gadah lahan..

Dwi: mboten wonten proyek?

Pak alim: mboten..marai proyek niku nggeh njalok tlaten. Yo salok buruh.. proyek niku mbak lek diitungne kecil..biaya kecil tapi kan rutin tiap hari..tapi lek biaya satu hari niku kecil..

Dwi: nek kaleh tani hasile katah pundi pak?

Pak alim: yo lek buruh enten omah ngene ki piro..lek nek proyek kan 50an per hari. Lek enten mriki rumiyen kan 70. Asal maem 3..lek mriku kan mboten lek proyek ngoten niku.

Dwi: dados penghasilane ageng tani?

Pak alim: tani mbak..tani kaleh proyek lek diitung.

Dwi: oww ngoten..dados masyarakat mriki lek lepas saking tani mboten saget.

Mas A: enggeh..tani kan nggak eek entek.e to mbak..lek proyek kan enek entek.e cukup kan nggak mungkin kerjo neng kono ae lek wes cukup. Lek tani kan lemahe sing penting nggak dijual kan panggah tani..

Pak alim: pokok.e kehidupane tenang mbak lek tani...kan kenek gae jujukan. Kan 3 bulan wes panen..

Mas A: seandainya kan sampeyan kuliah..mosok arep kuliah ae..

Pak alim: kehidupane kan tani mboten oleh bayar..lek pegawai kan oleh bayar tiap hari..mboteno tani kan dijebne kan bulanane. Yo lek tiyang tani yo nggeh niku. 3 bulan panen ngoten..

Mas A: satu tahun 3 kali panene..

Dwi: lahane kathah-kathah masyarakat mriki?

Pak alim: nggeh lumayan..

Pak alim: tiyang tani mbak..lek mboten gadah lahan kan yo bingung..kerno opo..pemasukan pengeluaran kan.. pengeluaran ada pemasukan yo ada ngoten..lek kuwi kan senajan 3 bulan sekali kan yo..lumayan kan ngoten.

Dwi dan tina: enggeh..

Pak alim: awet..kan lek gabah kan disimpan kanggo anu kan...

Dwi: mboten usah tambah kan wonten...

Pak alim: enggeh..mboten usah tumbas.

Mas A: sing dijual kan iku gabahe..

Pak alim:dijual diambil alih gabahe..lek padi..

Mas A: njalok sing beras sing piye kan penak..

Pak alim: tapi yo mayoritas mbak..mriki tiyang wes tani niku gadah lahan kan niku..nomer 1 lahan lek tiyang tani.

Pak alim: makane penting tiyang tani niku..kulo lho..lek kulo tiyang tani tanah niku penting..thunak-thunuk mbak..tiyang tani kan mboten pegawai..lek mboten tani kan pengangguran..mboten kerjo..

Dwi dan tina: enggeh..

➤ Dwi: emmlahan pertanian kagem panjenengan nggeh penting pak?

Pak paw: yo sebagein wong tani ngene ki yo penting mbak..kecuali lek wong nyambut gawe duwe usaha..misale opo nuking opo bengkel ngono ki kan..hehehe lek khusus wong tani yo..golek lahan pertanian mik.an..serabuatn lah mbak wes..buruh gelem..tani taka ne dewe gelem.hehehe

Dwi: riyen pekerjaane panjenengan nopo? Masyarakat mriki..

Pak paw: khusus mayoritas wog tani mbak..

Dwi: em..lahane kan mpun ditumbasi tetep nggeh tani pak?

Pak paw: sebagian yo tani, enek sing dodol bukak warung-warung iku..enek sing kerjo neng anu kono..neng proyek kono..yo khusus wong tuwo yo neng omah..nandur opo..ngopeni lahane sing isek..sing duwe lo mbak..lek sing nggak duwe yo neng omah.. heheheheyo golek buruhan yo hahahaha..yo penk yo susah lo mbak hahahaduwite entek yo susah..

Dwi: berarti nggeh penting nggeh pak pertanian niku?

Pak paw: lek khusus wong tani yo penting..lek pegawai yo cegeh..pilih didol ditukokne opo kono..hehehe

Mbak paimun: wong ditungne penak sak durunge adol lemah karo omah yo bu..ujute mbiyen iso kuat tuku mobil..barang mosos saiki..ngen-ngenen

nyekel duwet akeh malah koyo dadi..penak sakdurunge adollemah karo omha..sak estu..

Pak paw: oleh duwet yo ngae omah anak.e, ngae omah dewe..tuku papane

Mbah paimun: gek yo wes entek digae..mangane sek enak mbiyen..

Dwi: eco riyen dos pundi

Mbah Paimun: lek ngarani lo..lek mbiyen ki kan coro mangan-mangan ki kan seger..saiki mangan mikir..lek tak pangan saiki duwetku lek ra tak uwet-uwet entek..niko lo mbak..lek kulo..mikir kulo mangane..lek riyen mboten..pertanian enten..

Pak paw: muk lek saiki anu mbak omahe apik-apik..ra enek sing elek..maleh apik kabeh..mbiyen ra duwe wc, di kruduk.i kebo wc.ne towo nang kali saiki gilp-gilap..memang kuwi kelakon..neng yo kuwi..neng omah nyenuk karo ngitung usuk..duwitku engko teko opo ora..nuntut opo ora..gae aku opo..nyambut gawe opo..engko entek opo ora..gae mangan mburi opo..

Mbah paimun: gek tiyang setri saiki lemu-lemu ki mung nyenak-nyenuk..

Pak paw: tenan mbak..sak estu..

Dwi: enggeh..lek riyen kagem kehidupan sehari-hari saking pertanian?

Pak paw: heeh..yo pertanian kuwi yo open-open opo..ngopeni sapi..opo ngopeni opo..

DOKUMENTASI PENELITIAN

Wawancara dengan Bapak Karyani



Wawancara dengan Ibu Suki



Wawancara dengan Bapak Kailan dan Ibu Kailan



Suasana Di Dusun Keser



